

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Kamampuh nulis guguritan siswa kelas VIII SMPN 15 Bandung saméméh ngagunakeun média visual masih kénéh handap. Tina 39 siswa nu dijadikeun sumber data dina ieu panalungtikan, ngan aya saurang (2,56) siswa anu dianggap mampuh dina nulis guguritan.

Sabada ngagunakeun média visual, kamampuh siswa dina nulis guguritan téh ningkat. Jumlah siswa anu dianggap geus mampuh nulis guguritan téh ningkat 89,75%, anu asalna saméméh ngagunakeun média visual mah ngan saurang anu dianggap geus mampuh téh, ari sabada ngagunakeun média visual mah ningkat 36 urang.

Hasil uji sifat data nunjukeun yén hasil tes awal jeun tes ahir dina ieu panalungtikan téh normal dina taraf kapercayaan 99% lantaran dina tes awal $x^2_{itung} = 7,71 < x^2_{tabel} = 11,3$. Kitu deui tes ahir, $x^2_{itung} = 1,31 < x^2_{tabel} = 11,3$. Salian ti normal, data hasil tes awal jeung tes ahir ogé homogén, lantaran $F_{itung} = 2,08 < F_{tabel} = 2,14$.

Sanggeus diuji datana, diayakeun uji gain (d). Tina uji gain, nuduhkeun yén béda rata-rata antara peunteun dina tes awal jeung tes ahir nya éta 661. Éta hartina aya béda anu signifikan antara kamampuh siswa nulis guguritan saméméh jeung sabada ngagunakeun média visual. Sabada ngagunakeun média visual téh rata-rata kamampuh siswa jadi ningkat.

Sanggeus diuji sifat datana jeung diayakeun uji gain, léngkah satuluyna nya éta nguji hipotésis, ngagunakeun uji t. Tina hasil uji t, nuduhkeun yén $t_{itung} = 36,84 > t_{tabel} = 2,14$ dina taraf signifikansi 99%, hartina hipotésis dina ieu panalungtikan ditarima, yén média visual éféktif pikeun ningkatkeun kamampuh nulis guguritan siswa kelas VIII SMPN 15 Bandung.

5.2 Rékoméndasi

Tina hasil ieu panalungtikan, aya sababaraha rékoméndasi pikeun ngaronjatkeun nulis guguritan nu hususna ngagunakeun média visual jeung téhnik atawa métode-métode séjénna.

- 1) Perlu pisan diayakeun panalungtikan anu leuwih jembar dina pangajaran jeung métode séjénna, sangkan méré hal-hal anu anyar pikeun ningkatkeun mutu pangajaran.
- 2) Pikeun parapangatik, dina méré pangajaran sangkan ngagunakeun téhnik atawa métode anu inovatif. Sangkan, siswa teu monoton dina narima pangajaran basa Sunda.
- 3) Siswa kudu latihan nulis maké aturan anu bener luyu jeung katangtuan nulis guguritan sarta perlu dihudangkeun deui minat jeung karesep dina nulis.

Mudah-mudahan ku rékoméndasi anu ditepikeun tadi, bisa ngaronjatkeun deui mutu pangajaran basa Sunda hususna dina nulis guguritan.